## Notice to Public (French Creole)

Anons Pou Piblik La:

Henderson Behavioral Health opere pwogram transpotasyon ak sevis li yo san gade sou ras, koule, ak peyi orijin moun konfomeman ak Tit VI nan Lwa Dwa Sil la. Nenpot moun ki kwe yo te fe yon pratik diskriminasyon ilegal kont li sou Tiv VI kapab depoze yon plen ak Henderson Behavioral Health.

Pou plis enfomasyon sou pwogram dwa sivil Henderson Behavioral Health la, ak pwosedi pou depoze yon plent, kontakte Risk Manager, Linsley Hannah nan (954) 777-1612 imel Lhannah@hendersonbh.org oswa vizite biwo administratif nou nan 4740 N State Rd 7, Lauderdale Lakes, Fl 33319 or www.hendersonbh.org.

Yon moun kap depoze yon plent kapab voye li direkteman bay Depatman Edikasyon Florida. Pou fe sa depoze plent la ak Kodonatris Distri 4 Tit VI Adrienne Brown nan adrienne.brown@dot.state.fl.us

Henderson
Behavioral Health

## Complaint Procedures (French Creole)

Fason pou nou pote plent

Nenpot moun ki santi l te diskrimine akoz ras li, koule l oubyen nasyonalite l bo kote Henderson Behavioral Health ta dwe pote plent sou baz atik VI konpayi a le l konplete epi remet fomile VI la bay konpayi a. Yo ka pote plent tou nan telefon nimewo a se (954) 486-4005, ekstansyon 107 oubyen pa mwayen entenet nan www.hendersonbh.org. Pou Henderson Behavioral Health mennen envestigasyon sou yon plen yo te resevwa, li pa dwe depase 180 jou depi ensidan an te pase. Se selman plent konple yo Henderson Behavioral Health pral envestige. Pou plen la ka konple, moun k ap fe l la ta dwe omwens mete non l, telefon li, dat ensidan te pase, epi bay detay sou sa k te pase a.

Yon fwa nou fin resevwa plen la, Henderson Behavioral Health pral revize ka a pou yo konnen si biwo yo a gen jiridiksyon sou li. Moun ki te depoze plent la pral resevwa yon let pou fe l konnen si biwo nou an pral envestige ka a.

Henderson Behavioral Health gen katrevendis {90) jou pou yo envestige plent la. Si yo bezwen plis enfomasyon pou yo rezoud ka a, Henderson Behavioral Health ka kontakte moun ki te depoze plent la. Moun ki depoze plent la gen dis jou {10) travay pou l voye enfomasyon yo mande l la bay moun k ap envestige ka a. Si moun ki depoze plen la pa kontakte envestigate a oubyen l pa resevwa enfomasyon l bezwen an nan dis jou {10) travay, Henderson Behavioral Health ka femen ka a administrativman. Yo ka femen ka a administrativman tou si moun ki depoze plent la pa de-sisde pouswiv ka a.

Apre envestigate a fin revize plent la, l ap voye youn nan de let sa yo bay moun ki te depoze plent la: yon let pou femen ka a oubyen yon let ki gen rezilta ka a ladan l {LOF). Let femti a gen ladan l rezime tout akizasyon yo epi l fe konnen pa gen vyolasyon atik VI la donk ka a femen. Let {rezilta a) LOF la fe yon rezime tout akizasyon ak entevyou yo te fe sou ensidan ki te pase a, epi l eksplike kelkeswa aksyon disipline, fomasyon siplemante manm pesonel la oubyen nenpot lot aksyon yo ta deside fe. si moun ki te pote plent la vle fe yon apel kont desizyon sa ,li gen set {7)jou pou l fe sa depi le li te resevwa let LOF la.

Fason pou yo fe l ak fomile pou yo pote plent yo pral disponib pou piblik la sou sit entenet Henderson Behavioral Health la nan www.hendersonbh.org . Si yo bezwen enfomasyon nan yon lot lang, kontakte Risk manager, Linsley Hannah, Direktris operasyon yo nan (954) 777-1612.

Henderson Behavioral Health